# XI. УСАҚЛАП САТЫЎ ТОВАР АЙЛАНЫСЫ

2020 жыл январь-мартта усақлап сатыў товар айланысы 1424,0 млрд. сўмды қурады ҳәм өткен жылға салыстырғанда 1,1 процентке өсти.

**Хожалық жүритиўши субъектлердиң мүликшилик формалары бойынша усақлап сатыў товар айланбасы**

| | *млрд. сўм* | *2019жыл январь-мартқа салыстырғанда процент есабында* | *Жәмине салыстырғанда процент есабында* |
|---|---|---|---|
| **Жәми** | **1424,0** | **101,1** | **100,0** |
| *Соннан мүликшилик формалары бойынша:* | | | |
| мәмлекетлик мүлики | 0,6 | 100,0 | 0,1 |
| мәмлекетлик емес мүлик | 1423,4 | 126,6 | 99,9 |
| *соннан:*пуқаралардың жеке мүлики | 822,7 | 101,6 | 57,8 |

Саўда кәрханаларының усақлап сатыў айланбасы көлеми 2020 жылдың январь-март айларында 601,3 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 103,0 процентти қурады.

Жеке тәртиптеги исбилерменликтиң жәми усақлап сатыў көлеми 2020 жылдың январь-март айларында 822,7 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 101,6 процентке өскен.

**2019 жыл январь-декабрьде усақлап сатыў айланбасы қурамы**

| | *млрд. сўм* | *2019 жыл январь-мартқа салыстырғанда процент есабында* | *Жәмине салыстыр-ғанда процент есабында* |
|---|---|---|---|
| **Усақлап сатыў товар айланбасы** | **1424,0** | **101,1** | **100,0** |
| *соннан:* | | | |
| саўда кәрханалары | 601,3 | 103,0 | 42,2 |
| жеке тәртиптеги исбилерменлик | 822,7 | 101,6 | 57,8 |
| *соннан:* шөлкемлестирилмеген сектор (қәлиплестирилмеген саўда хызмети) | 157,7 | 102,5 | 11,1 |

Улыўма аўқатланыў тараўының товар айланысы 39,1 млрд. сўмға жетти ямаса 2019 жыл январь-мартқа салыстырғанда 98,1 процентке өсти.

Усақлап сатыў (улыўма аўқатланыў хызметин қосқан жағдайда) халықтың жан басына есаплағанда 99,6 процентти қурады ҳәм 749,1 мың сўмды қурады (2019 жылдың январь-март айларында 666,1 мың сўмды қураған).

2020 жылдың январь-март айларында усақлап сатыў товар айланысы 1424,0 млрд. сўмды қурады ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 1,1 процентке өсти. Соннан, ири кәрханалардың товар айланысы 150,3 млрд. сўмды (өсим пәти 81,0 %), киши исбилерменлик субъектлериниң товар айланысы 1273,7 млрд. сўмды (өсим пәти 104,1 %), соннан бирлеспеген саўда товар айланысы 157,7 млрд. сўмды (өсим пәти 102,5 %) қурайды.

**Январь-март айларында усақлап сатыў товар айланбасы көлеми,** *(млрд. сўм)*




2020 жылдың январь-мартына салыстырғанда республиканың барлық аймақларында усақлап сатыў товар айланысының өсим пәти көрсетилген, жоқары өсим пәтлери Хожели (өсим пәти 101,7 %), Төрткүл (101,7), Мойнақ (102,1), Хожели (110,4) ҳәм Қоңырат (102,6 %) районларында көрсетилген.

**Усақлап сатыў товар айланысының өсим пәти,** *(% те)*




Усақлап сатыў товар айланысы көлеминде үлкен үлеске ийе болған Нөкис қаласы (республика бойынша жәми товар айланысы көлеминдеги үлеси 30,4%), Беруний (9,8 %), Хожели (9,8 %), Төрткүл (8,7 %) хәм Қоңырат (7,3 %) районлары усақлап сатыў товар айланбасыныңөсиўине салмақлы тәсирин көрсетди.

Усақлап сатыў товар айланысы қурамында ири кәрханалардың товар айланысы көлеми өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 81,0 процентти қурап хәм 150,3 млрд. сўмды қурайды. Бул улыўма саўда көлеминиң 10,6 % үлесине туўры келеди.

Киши исбилерменлик субъектлариниң усақлап сатыў товар айланысы көлеми статистикалық есап-китапларға көре, 1273,7 млрд. сўмды қурап, 2019 жылдың январь-март айларына салыстырғанда 4,1 процентке өсти. Республика көлеминде усы сектордың жәми усақлап сатыў товар айланысындағы үлеси 89,4 процентке тең келмекте.

## Усақлап сатыў товар айланысы қурамы,
*(жәмине салыстырғанда процент есабында)*




## Усақлап саўда айланбасында ири кәрханалар ҳәм киши исбилерменликтиң үлеси, (%)



**Киши исбилерменлик ҳәм ири кәрханалардың усақлап сатыў товар айланысындағы көлеми**

| | *ири кәрханалар (млрд.сўм)* | *өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда, % те* | *киши исбилерменлик (млрд.сўм)* | *өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда, % те* |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **150,3** | **81,0** | **1273,7** | **104,1** |
| Нөкис қ. | 116,0 | 82,9 | 317,6 | 108,8 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 4,2 | 88,1 | 96,6 | 101,5 |
| Беруний | 2,9 | 93,3 | 136,1 | 103,1 |
| Бозатаў | - | - | 5,8 | 101,5 |
| Қанлыкөл | 0,1 | 48,5 | 34,7 | 101,7 |
| Қараөзек | 0,2 | 87,4 | 43,9 | 100,8 |
| Кегейли | 0,1 | 63,2 | 31,1 | 101,9 |
| Қоңырат | 3,4 | 85,9 | 101,1 | 103,2 |
| Мойнақ | 0,1 | 35,9 | 9,7 | 103,5 |
| Нөкис | 0,2 | 106,2 | 25,5 | 100,3 |
| Тақыятас | 5,6 | 87,9 | 28,6 | 103,6 |
| Тахтакөпир | 1,9 | 34,1 | 34,9 | 113,4 |
| Төрткүл | 9,7 | 75,7 | 114,2 | 104,8 |
| Хожели | 2,5 | 88,7 | 137,7 | 101,9 |
| Шымбай | 2,0 | 52,5 | 50,1 | 104,2 |
| Шоманай | 0,1 | 40,2 | 29,1 | 102,1 |
| Елликқала | 1,5 | 95,9 | 77,0 | 101,0 |

2020 жылдың январь-март айларында усақлап сатыў товар айланысында киши исбилерменлик субъектлериниң үлеси бойынша Бозатаў (100,0 %), Қанлыкөл (99,9 %), Мойнақ (99,3 %), Қараөзек, Кегейли ҳәм Шоманай (99,6 %) районларында жоқары дәрежеде болды.

Усақлап сатыў товар айланыасы қурамында ири кәрханалардың үлеси 10,6 процентти қурап, ири кәрханалардың ең үлкен үлеси Нөкис қаласында (26,7 %), Тақыятас (16,4 %) ҳәм Төрткүл (7,8 %) районларында ушырасады.